

Konnen Dwa Ou Yo!



Ajan Rekouvremman Predatè yo Vle Lajan ou!

Èske ajan rekouvremman yo ap asele ou? Èske ajan rekouvremman yo te pouswiv ou an jistis oubyen te menase pou retire lajan sou kont bankè ou oubyen nan salè ou? Si wi, ou pa poukont ou. Ajan rekouvremman yo itilize asèlman, abi, ak fwod pou pran lajan abitan New York yo, souvan sible Abitan Nouyòk ki gen fèb revni yo, sitou granmoun ki sitou pi gran yo, fanm yo, ak imigran yo.

Kòman Mwen Kapab Pwoteje Tèt mwen Kont Koleksyon Dèt Abizif?

Men kat bagay enpòtan ou dwe konnen si yon ajan rekouvremman kontakte ou, pouswiv ou, oubyen menase pran lajan sou kont bankè ou oubyen salè ou. An jeneral:

1. **Ou genyen dwa ak enfòmasyon sou yon dèt ou sanse genyen.** Si yon ajan rekouvremman reklame ou dwe yon dèt, ou kapab voye pou kolektè dèt la yon lèt pou konteste dèt la epi mande plis enfòmasyon sou dèt la. Ajan rekouvremman an dwe sispann eseye kolekte sou ou jiskaske li voye pou ou plis enfòmasyon sou dèt la. Konsilte fjhotline.nyc pou yon egzanp lèt kontestasyon.

2. **Ajan rekouvremman yo dwe sispann kontakte ou sou demann ou.** Ajan rekouvremman yo souvan eseye ba ou presyon pou peye dèt ou pa kapab peye oubyen ou pa dwe peye. Si ou vle yon ajan rekouvremman sispann kontakte ou, ou kapab voye yon lèt ki di yo sispann.

3. **Piga ou inyore dokiman jidisyè yo.** Si ou pa resevwa dokiman jidisyè ki di ou dwe yon dèt, chache konsèy jiridik. Si ou pa reponn ak dokiman jidisyè yo, ajan rekouvremman a ta kapab fasilman jwenn yon jijman tribinal kont ou epi itilize li pou tante retire lajan sou kont bankè ou oubyen sou salè ou.

4. **Revni ou an kapab gen pwoteksyon legal kont koleksyon dèt.** Lwa New York ak federal la pwoteje oubyen "egzante" kèk tip revni kont koleksyon dèt, ki gen ladan yo prestasyon gouvènman yo ak majorite salè resan ou yo. An jeneral, yon ajan rekouvremman pa kapab mande ou fon egzonere pou peye dèt ou.

Ajan rekouvremman dèt predatè se yon pwoblèm ekonomik majè ak jistis ki baze sou ras - youn nan plizyè fason ke konpayi sèvis fiansyè yo sible ak ekstrè richès moun k ap viv nan katye fèb revni, nwa yo ak koulè klè yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Liy Asistans NYC Financial Justice: 212-925-4929

Liy asistans lan founi konsèy jiridik gratis ak rezidan NYC fèb revni yo.

Lè Liy Asistans yo: L 4-6 pm | Ma, Mè, Je 12-2 pm



Jwenn plis enfòmasyon sou Konnen Dwa ou pou Abitan New York yo fjhotline.nyc

Depliyen sa gen entansyon pou founi enfòmasyon jeneral bay Abitan New York yo, epi yo pa bay li antanke konsèy jiridik. New Economy Project ap jere Liy Asistans Jistis Finansyè NYC a, yon liy asistans jiridik gratis pou Abitan New York fèb revni yo. Misyen New Economy Project se pou bati yon ekonomi jis ki fonksyone pou tout moun, ki anrasine nan jistis rasyal ak jan, kowoperasyon, ekite katye ak dirabilite ekolojik.

© 2024 New Economy Project | neweconomy.nyc.org